Cleveland Clinic

Jwenn Anplwaye

Tablo Navigasyon

Anplwaye ak Evènman

Dosye

Administratè

Apwopo

Dosye Kontak yo

Ed

Lis Aktivite Anplwaye / Rezime Aktivite Anplwaye

# Travay:**Apèsi anrejistreman**

Pou: *non kwaze* / Kontraktè CCF yo

**Apèsi Anrejistreman:**
Seri travay sou entènèt yo, ki site annapre yo, varye suivan wòl ak Etablisman Cleveland Clinic.
*Tan ki sou lis yo se estimasyon epi yo gendwa varye*

- Aktyalize ak verifye enfòmasyon pèsonèl ou yo (5 minit)
- Siyen yon deklarasyon konfidansyalite ak renonsyasyon (5 minit)
- Siyen yon renonsyasyon otorizasyon verifikasyon sou pase (5 minit)
- Siyen Kondisyon Itilizasyon yo (5 minit)
- Egzamine politik Cleveland Clinic yo(30 minit)
- Bay prèv yon tès Tibèkiloz (TB) negatif

**Pral gen yon sèten tan k ap ekoule avan aktivite ki vini annapre yo vin disponib. Y ap voye yon alèt ba ou pa imèl pou enfòme ou lè aktivite sa yo pral disponib:**

- Fè modil fòmasyon medikal sou entènèt yo (COMET) (4 èdtan)
- anrejistreman pakin (5 minit)
- jwenn yon badj Idantifikasyon

Fini aktivite anrejistreman yo yon fwa yo disponib pou ede nou asire yon pwosesisanrejistreman ki san pwoblèm epi atan.

Ou gendwa chwazi "**Anrejistre epi Fini Travay lan**" apre ou fin li mesaj sa a.

Pou **pwoblèm** teknik oswa ki anrapò ak sitwèb sa a, kontakte Sèvis Administrasyon Sekirite an nan nonemployeeonboarding@ccf.org oswa 216-448-0082.

Estati:
**Fini**

Dat li te Aktive:
**2/7/2018**

Dat Limit:
**5/7/2018**

Dat Reyalizasyon:

**2/7/2018**

Moun yo afekte a se:
*non kwaze*

Moun ki Fè li a:
*non kwaze*

Anile

Cleveland Clinic

# AKO KONFIDANSYALITE

Antanke anplwaye/doktè/manm ekip doktè/founisè/lòt pati/kontraktè oswa anplwaye ki gen kontra/etidyan/volontè ('Endividi'') ki afilye avèk oswa ki gen kontra ak Cleveland Clinic ("CC"), **Endividi a konprann li dwe kenbe konfidansyèl nenpòt ak tout done ak enfòmasyon Endividi a gen aksè, kit se yon aksè yo te ba li sou plas oswa a distans.** CC an konprann Endividi yo ka resevwa diferan nivo aksè an fonksyon wòl moun nan oswa fonksyon travay li (sa vle di, aksè fizik sèlman; sou plas men tou aksè teknik a distans). Se CC an ki bay aksè nan sistèm entèn CC an ak rezo li yo ("CC Systems") swa sou plas oswa aksè ak teknoloji a distans sèlman nan kondisyon fòmèl Endividi yo bay aksè a dakò pou konfòme li totalman ak tèm ki vini annapre yo ki aplikab nan nivo aksè yo bay chak endividi:

1. Endividi a rekonèt pandan li gen aksè ak Sistèm CC a, Endividi a gendwa wè enfòmasyon ki genyen ladann men ki pa limite ak pwopriyete konfidansyèl, enfòmasyon pasyan ak klinik, finansye, enfòmasyon idantifyab pasyan oswa idantifyab anplwaye, pwopriyete entèlektyèl, soti nan nenpòt sous oswa nan nenpòt fòm ("Enfòmasyon Konfidansyèl") Endividi a dakò pou konfòme li ak tout pwosedi ak règlemantasyon ki egziste kounyea yo ak sa ki gen pou vini yo konsènan sekirite ak konfidansyalite Enfòmasyon Konfidansyèl la. Endividi a dakò tou pou konfòme li ak tout règ vi prive ki soti nan tout dispozisyon aplikab, ki gen ladann si sa aplikab pa yon Asosye Biznis, sou baz Health Insurance Portability and Accountability Act 1996 ("HIPAA") American Recovery and Reinvestment Act 2009 ak dokiman asosye Health Information Technology for Economic and Clinical Health Act ("HITECH''). 2. Endividi a ka genyen aksè sèlman ak Enfòmasyon Konfidansyèl pou aktivite ki gen rapò ak travay epi ki sou baz yon aksè ki fèt pou bezwen pou fè yon travay konsa endividi a p ap kominike ankenn Enfòmasyon Konfidansyèl sof si li gen obligasyon pou li fè sa nan kapasite ofisyèl travay li antanke Endividi oswa tèm kontra li. Endividi a konprann tou ke li pa gen dwa oswa enterè pwopriyete nan ankenn Enfòmasyon Konfidansyèl.
3. Endividi a dakò pou li pa voye imèl ankenn Enfòmasyon Konfidansyèl. Endividi a ap voye imèl Enfòmasyon Konfidansyèl jan CC otorize sa espesifikman ak nivo aksè ke Endividi a te resevwa ak daprè règlemantasyon ak pwosedi CC yo.
4. Endividi a dakò li p ap sovgade Enfòmasyon Konfidansyèl nan dispozitif medya pòtab (diskèt, disk ZIP, CD, PDA, ak lòt dispozitif) oswa nan okenn lòt dispozitif ak òdinatè. Ou pa otorize telechaje Enfòmasyon Konfidansyèl nan ankenn lòt medya san otorizasyon ekri CC.
5. Endividi a dakò pou li pa distribye gaj Endividyèl, PIN, oswa modpas ("Sign On Code") bay ankenn moun, tankou nenpòt anplwaye oswa moun k ap aji nan non Endividi a ak akò Endividi a pou li pa pèmèt pèsonn ankò gen aksè ak sistèm CC a sou baz Sign On Code Endividyèl. Endividi a dakò pou li enfòme CC imedyatman si yon Endividi vin okouran oswa sispèk yon lòt moun gen aksè ak Sign On Code oswa si yon Endividi te pèdi Kòd Aksè Endividyèl li.

6 Endividi a dakò pou pèmèt ankenn moun ki pa otorize sèvi oswa gen aksè ak Enfòmasyon Konfidansyèl swa sou plas oswa a distans. Endividi a dakò pou li pa pèmèt manb fanmi, zanmi oswa lòt moun wè Enfòmasyon Konfidansyèl sou ekran òdinatè Endividi a pandan Endividi a ap antre nan Sistèm CC a. Endividi a dakò tou pou li dekonekte konplètman nan Sistèm CC a avan li kite nenpòt òdinatè oswa pòs travay.

7. Endividi a dakò pou li swiv tout règlemantasyon ak pwosedi CC konsènan aksè, itilize ak revele enfòmasyon sante pasyan. Endividi a dakò pou li gen aksè ak Enfòmasyon Konfidansyèl sèlman pou pasyan sa yo kote Endividi a gen yon relasyon tretman, peman oswa operasyon swen sante avèk li. Endividi a dakò tou pou gen aksè sèlman ak kantite Enfòmasyon Konfidansyèl ki nesesè pou li fè fonksyon travay ki gen rapò ak relasyon tretman an. Endividi a dakò ke li entèdi fòmèlman pou Endividi gen aksè ak enfòmasyon sou endividi ki pa pasyan Endividi a epi ta dwe konsidere CC pa responsab ankenn domaj, frè, amand oswa pèt epi ta dwe defann nenpòt reklamasyon konsa, domaj, frè oswa amand ke yo monte kont CC anrapò ak aksè ki pa otorize sa a.
8. Endividi a dakò ke Endividi a p ap janm gen aksè ak Enfòmasyon Konfidansyèl pa "senp kiryozite" oswa "navige" enfòmasyon pasyan yo. Endividi a konprann ke sa gen ladann gade Enfòmasyon Konfidansyèl pitit Endividi a, manb fanmi li, zanmi, oswa kòlèg travay li, amwenske aksè a nesesè pou bay sèvis pou pasyan Endividi a gen yon tretman, peman oswa relasyon operasyon swen sante.
9. Endividi a dakò ke CC gendwa fè odit epi fè swivi peryodikman sou konfòmite ak Akò sa a, Endividi a dakò pou pèmèt CC enspekte nenpòt òdinatè Endividi ap itilize pou gen aksè nan Sistèm CC a sa ki lakay Endividi a, nan biwo li oswa nan lòt etablisman.

10 Endividi a dakò ke obligasyon Endividyèl nan kad Akò sa a pral kontinye nan ka CC ta revoke aksè Endividi a ak Sistèm CC a pou nenpòt ki rezon li ye a.

11 Endividi a dakò si Endividi a vyole nenpòt dispozisyon Akò sa a, CC gendwa revoke aksè Endividi a ak Sistèm CC a imedyatman epi endividi a gendwa sijè aksyon disiplinè, ki gen ladann, revokasyon, pèdi privilè, anilasyon kontra, aksyon sivil oswa kriminèl kont Endividi, ki gen ladann evalyasyon amand aplikab yo jan sa gen rapò ak vyolasyon sa yo oswa nenpòt koreksyon ki disponib pou CC.

12. Endividi a responsab pou tout antre ki fèt ak tout retrè ak Kòd Aksè Endividi a, menm lè se Endividi a ki fè aksyon sa yo oswa yon lòt moun akoz neglijans oswa omisyon entansyonèl, envolontè Endividi a.
13. Endividi a dakò pou li pa voye imèl ankenn Enfòmasyon Konfidansyèl nan ankenn fason ki kont enterè CC
14. Pou anplwaye yo, aksè a distans nan Sistèm CC a dwe fèt ak yon demand administratè Endividi a fè nan MyTechRequest ("MTR"). Pou moun ki pa anplwaye, yo bay aksè sou baz yon aranjman kontra ak CC gras ak yon esponnsò CC.
15. Si w se yon anplwaye CCF san egzanpsyon, y ap ba ou aksè a distans sèlman nan MTR la e se sou baz apwobasyon administrasyon an daprè deskripsyon travay ak responsablite travay ak egzijans ak amoni ak lwa aplikab yo ke Endividi a ap ka fè sa. Endividi a ta dwe swiv ak anrejistre tout lè li travay pa mwayen aksè a distan epi rapòte lè li te travay yo nan yon sistèm swivi tan
16. Akò sa a pa ka revoke oswa anile, ni non plis li p ap ekspire.

Mwen dakò ak tèm ki te vini anvan yo:

*non kwaze* Siyen Elektwonikman)
Siyati

09/07/2018
Dat

Cleveland Clinic

Jwenn Anplwaye

Tablo Navigasyon

Anplwaye ak Evènman
- Ajoute Anplwaye
- Jwenn Anplwaye
- Pa Kalifye
- Pa Kalifye

Dosye

Administratè

Apwopo

Dosye Kontak yo

Ed

Lis Aktivite Anplwaye/ Rezime Aktivite Anplwaye

Aktivite: **Politik Cleveland Clinic yo**

Pou: *non kwaze* / Kontraktè CCF

Nan objektif pou asire yon anviwònman ki ansekirite ak byenveyan pou pasyan, anplwaye, ak vizitè yo, ou dwe dakò pou ou vin familyarize ou episipòte politik ak pwosedi Cleveland Clinic yo. Lè ou fini aktivite sa a, ou ap ateste ou konprann malgre politik sa yo ap fè referans ak anplwaye yo ou gen obligasyon pou ou konfòme ou avèk yo.

Yon fwa ou fin egzamine tout politik yo, siyen elektwonikman dokiman an epi klike sou bouton “**Anrejistre epi Fini Travay la**” ou ap jwenn dirèkteman sou fòmilè an.

Atestasyon Politik Sèvis Antrepriz la

**Eske ou rankontre difikilte ak sistèm nan pou li aksepte siyati ou?**

Lè ou jwenn mesaj erè a, tanpri gade pou ou wè nan ki fason sistèm nan bezwen ou antre siyati ou. Tanpri tape non ou egzakteman jan li parèt nan [ ].

**Navigatè an:**
Navigatè nou rekòmande se Internet **Explorer 11 oswa pi resan**. Ou gendwa sèvi ak lòt navigatè, men ou gendwa rankontre pwoblèm pandan ou ap ranpli fòmilè an sou entènèt. Nou pa sipòte aparèy mobil nan moman sa a.

**Kesyon:**
Pou **pwoblèm** teknik oswa ki anrapò ak sitwèb sa a, kontakte Sèvis Administrasyon Sekirite an nan
nonemployeeonboarding@ccf.org oswa 216-448-0082.

Detay Evènman yo

Tip Endividi:
**Travayè Entèn**

Kowòdonatè Evènman
**Maureen Korosec**

Estati:
**Fini**

Dat li te Aktive:
**2/7/2018**

Dat Limit:
**5/7/2018**

Dat Realizasyon:
**2/7/2018**

Moun yo afekte a se:
*non kwaze*

Moun ki Fè li a:
*non kwaze*

Reouvri aktivite

Anile

Cleveland Clinic

Jwenn Anplwaye

Tablo Navigasyon

Anplwaye ak Evènman yo
- Ajoute Anplwaye
- Jwenn Anplwaye
- Pa Kalifye
- Pa Kalifye

Dosye

Administratè

Apwopo

Dosye Kontak yo

Ed

Lis Aktivite Anplwaye/ Rezime Aktivite Anplwaye

## Aktivite: **Aktyalize epi Verifye Enfòmasyon Pèsonèl Ou yo**

Pou: *non kwaze* / Kontraktè CCF

Byenvini nan Cleveland Clinic! Nou valorize devouman ou epi swete ou sa ki pi bon yo.

Premye etap nan pwosesis anrejistreman an se pou ou verifye, korije ak ajoute kèk enfòmasyon pèsonèl fondamantal. Yon fwa ou fini, tanpri, klike sou "**Anrejistre epi Fini Travay la**".

Klike la a epi antre enfòmasyon pèsonèl ou yo.

**Kesyon:**
Pou **pwoblèm** teknik oswa ki anrapò ak sitwèb sa a, kontakte Sèvis Administrasyon Sekirite an nan nonemployeeonboarding@ccf.org oswa 216- 448-0082.

Detay Evènman yo

Tip Endividi:
**Travayè Entèn**

Kowòdonatè Evènman
**Maureen Korosec**

Estati:
**Fini**

Dat li te Aktive:
**2/7/2018**

Dat Limit:
**5/7/2018**

Dat Realizasyon:
**2/7/2018**

Moun yo afekte a se:
*non kwaze*

Moun ki Fè li a:
*non kwaze*

Reouvri aktivite

Anile

Cleveland Clinic

Dekonekte

Akèy Apwopo Kominote Nou Bibliyotèk Dokiman Kesyon Lis Aktivite Kontraktè

## Modifye Pwofil:

Prenon Maureen
Dezyèm non
Non
Siyati Korosec
Non Konplè
Non
Tanpri tape li egzakteman jan li parèt sou Lisans oswa kat Idantifikasyon Eta a.

Prensipal
Telefòn
Adrès Imèl BandPBusinessSupport@ccf.org

Adrès
Liy 1
Adrès
Liy 2
Vil
Eta Kòd Postal
Peyi
SSN (Pa gen Tirè)
Dat Nesans Chwazi Dat
Kontak Dirèk Pasyan an
Non Kontak Ijans
Relasyon ak Kontak Ijans
Nimewo Telefòn Kontak Ijans

Fini 0 of 14

1 OUT 2018
Anrejistreman Pakin

4 OUT 2018
Apèsi Anrejistreman

4 OUT 2018
Telechaje Sètifikasyon ICRA

4 OUT 2018
Aktyalize epi Verifye Enfòmasyon Pèsonèl Ou

Reouvri aktivite

Anile

**Atestasyon Politik Tout Antrepriz la**

☑ **Itilizasyon Telefòn ak Telefòn Selilè**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Telefòn ak Telefòn Selilè epi pral konfòme m ak politik lan. Anplis sa, mwen konprann li entèdi pou mwen sèvi ak fonksyon imaj elektwonik telefòn selilè nan ankenn zòn etablisman Cleveland Clinic la.

☑ **Itilizasyon Rezo Sosyal:** Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Itilizasyon Rezo Sosyal epi mwen p ap pibliye kontni sou okenn sit rezo sosyal ki gen rapò ak okenn enfòmasyon konfidansyèl oswa pwopriyetè sou Cleveland Clinic oswa anplwaye, pasyan, oswa founisè li yo. Vyolasyon yo gendwa debouche sou revokasyon m nan Etablisman Cleveland Clinic epi gendwa sijè ak amann kriminèl.

☑ **Badj Idantifikasyon**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Badj Idantifikasyon epi pral konfòme mwen ak seksyon sa yo ki aplike ak estati mwen antanke moun ki pa anplwaye.

☑ **Aparans Pèsonèl** Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Aparans Pèsonèl lan epi mwen pral abiye nan yon fason ki apwopriye ak pozisyon mwen an epi konfòme mwen ak Direktiv Jeneral ki mansyone nan politik lan. Sa gen ladann swiv pwotokòl badj Idantifikasyon an, ijyèn pèsonèl, ak itilizasyon bipè ak Telefòn selilè yo.

☑ K**onduit Pwofesyonèl**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Konduit Pwofesyonèl lan.

☑ **Politik sou Pa-Fimen**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Pa-Fimen epi mwen konprann vyolasyon politik sa a gendwa debouche sou revokasyon nan etablisman Cleveland Clinic la.

☑ **Sekirite Enfòmasyon**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Sekirite Enfòmasyon yo.

☑ **Opòtinite Egal Travay/Divèsite Mendèv ak Enklizyon** Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Opòtinite Travay Egal/ Divèsite Mendèv ak Enklizyon.

☑ **Non-Diskriminasyon**: Asèlman oswa Vanjans: Mwen rekonèt mwen te li Politik Non-Diskriminasyon, Asèlman oswa Vanjans epi konprann yo ka revoke mwen nan etablisman Cleveland Clinic lan si mwen enplike nan yon ensidan diskriminasyon, asèlman ak vanjans jan sa defini nan politik lan.

☑ **Anrejistreman moun ki pa Anplwaye**: Mwen rekonèt mwen te li Politik sou Anrejistreman moun ki pa Anplwaye a epi mwen pral konfòme mwen ak seksyon sa yo ki aplike ak estati mwen antanke moun ki pa anplwaye.

☑ **Politik sou Zam ak Kontrebann**: Mwen rekonèt e mwen te li Politik sou Zam ak Kontrebann epi konprann vyolasyon politik sa a gendwa debouche sou revokasyon m nan etablisman Cleveland Clinic.

**Mwen ateste mwen te li, konprann, epi mwen pral konfòme mwen ak politik ki anwo yo.**

Siyati
Dat

Cleveland Clinic

Jwenn Anplwaye

Tablo Navigasyon

Anplwaye ak Evènman yo

Dosye yo

Administratè

Apwopo

Dosye Kontak yo

Ed

Lis Aktivite Anplwaye/ Rezime Aktivite Anplwaye

# Aktivite: **Telechaje Sètifikasyon ICRA**

Pou: *non kwaze* / Kontraktè CCF

**<u>Fòmasyon ICRA a Obligatwa pou TOUT moun Kounye a</u>**

**<u>Pwojè Cleveland Clinic nan Etazini</u>**

**Si ou poko swiv fòmasyon ICRA PA fèmen aktivite sa a, piske ou dwe swiv fòmasyon an.**

Nan kad anrejistreman, telechaje dokiman sètifikasyon Fòmasyon sou Sansibilizasyon 8 Edtan Pi Bon Pratik Konstriksyon ICRA yo. Fòmasyon ki akseptab lan genyen ladan l sètifika reyalizasyon an ki montre dat ekspirasyon an oswa yon kopi badj ICRA k ap montre dat ekspirasyon an.

| Sendika Kontraktè yo | Anplwaye Cleveland Clinic yo, anplwaye Administrasyon Sendika Kontraktè yo, Enspektè Batiman yo, Achitèk, Enjenyè yo | Kontraktè/Founisè ki Pa Sendike |
|---|---|---|
| Kontakte biwo sant sendika lokal ou a pou ou enskri pou | IKORCC Mike Bohan ICRA Lead | Infection Control University |
| pwochen Konstwiksyon ki disponib | mbohan@ikorcc.com | http://infectioncontroluniversity.com |
| Klas Fòmasyon sou Sansibilizasyon 8-Edtan Pi Bon Pratik ICRA yo | (216) 375-8950 | (844) 428-6483 |

Jwenn yon badj Idantifikasyon Cleveland Clinic ak badj fòmasyon ICRA se kondisyon pou yon moun travay nan yon etablisman Cleveland Clinic. Pou sa Cleveland Clinic p ap ranbouse kontraktè, soukontraktè, konsiltan oswa vandè yo pou depans yo te fè pou jwenn ak renouvle akreditasyon sa yo.

- Yon fwa fòmasyon ICRA a fini, telechaje dokimantasyon an.

Tanpri telechaje pandan ou ap klike sou **lyen** ble a Dokimantasyon Sètifikasyon Fòmasyon ICRA

**Si ou poko swiv fòmasyon ICRA PA fèmen aktivite sa a, piske ou dwe swiv fòmasyon an**

Estati:
**Enkonplè**

Dat Limit:
**7/5/2018**

Moun yo afekte a se:
*non kwaze*

Anile

Cleveland Clinic

Jwenn Anplwaye

Tablo Navigasyon

Anplwaye ak Evènman yo

Dosye yo

Administratè

Apwopo

Dosye Kontak yo

Ed

Lis Aktivite Anplwaye/ Rezime Aktivite Anplwaye

## Aktivite: **Telechaje Dokimantasyon Tès TB**

Pou: *non kwaze* / Kontraktè CCF

Nan kad anrejistreman an, nou bezwen depoze rezilta pou tès TB ou an (**Tibèkiloz**). Menm lè ou gentan gendwa te soumèt enfòmasyon sa a bay yon moun nan konpayi a, ou dwe telechaje yon kopi nan sistèm nan.

Egzijans Soumisyon Tès TB an:

- Prenon ak Siyati
- Dat yo te administre epi li tès TB a **Rezilta yo dwe nan espas dènye 6 mwa pase yo pou yo akseptab**
- Adrès konpayi a/etablisman k ap administre ak li tès la
- Siyati pwofesyonèl medikal ki te administre ak li tès

Tanpri monte pandan ou ap klike sou lyen ble a: rezilta TB

**Ou bezwen yon tès TB?**
Tanpri klike la pou yon lis lokal Cleveland Clinic ki ofri tès TB.

**Kesyon ki gen rapò ak dokimantasyon tès TB ki akseptab ak/oswa telechaje dokimantasyon tès TB ou a?**
Videyo ki annapre a bay egzijans yon dokimantasyon tès TB ki akseptab ak enstwiksyon etap pa etap pou telechaje dokimantasyon an nan SilkRoad.

Estati:
**Enkonplè**

Dat Limit:
**7/9/2018**

Moun yo afekte a se:
*non kwaze*
Afekte Reklamasyon

Anrejistre and Fini Travay lan

Anile